CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #५६

११।५।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## अखनतक कोभिड - १९ के सम्बन्धमे नियम उल्लंघन करवला विरुद्ध सरकारद्वारा कएलगेल पहलसभ

### मास्क प्रयोग नै कलक चलबला

४,६४,२१६
कोई आदमीके नियन्त्रणमे लेल गेल

३,९०,५४५
कोईके समझाबुझाक छोड्ल गेल

४२,०६५
कोईके मास्क दलक पठाएल गेल

३१६०६
के जरिवाना तिराक छोड्ल ग



### अनुमतिबिना काठमाण्डौ उपत्यका प्रवेश कर खोजवलाके नाका सँ फिर्ता कएलगेल



८६२१
सवारी साधन



२०,८७६ यात्रु

स्रोत: https://www.moha.gov.np/post/press-release-2034

## नेपाल अपडेट



कार्यालयके एक कर्मचारीमे कोरोना देखेलाके बाद जिल्ला प्रशासन कार्यालय मुगु बुधदिन सँ लागू कलक एक सप्ताहके लेल बजार क्षेत्र सिल

तस्बिर: राज बहादुर शाही

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: ६,४७,८८१
पोजेटिभ: ३५,५२९
उपचाररत: १५,२७३
मृत्यु : १८३




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



उपत्यकामे भादव १७ गते तकके लेल निषेधाज्ञा थपेलै कहादन । दुकान खोल सम्बन्धि नयाँ नियम छै कहिक सुनाईत छै, तेकर मतलब कि भेलै ?

अत्यावश्यक सामान आ सेवा मे सँ दवाई, पाईन मात्रे बेचबिखन केनाई आ स्वास्थ्य सामग्री बेचबिखन करवला दुकान व्यवसायसभ कोनो भी समयमे सेहो निर्वाध खोल सकब से कहल गेल छै । लेकिन अत्यावश्यक सामान मे सँ खाद्यवस्तु, दूध आ दूग्धजन्य पदार्थ, फलफूल, तरकारी, माछ माउस आदी बेचबिखन करवला दोकानसभ भोर ९:१५ तक मात्रे खोल पाओत कहने अछि ।

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/public/upload/



सेप्टेम्बर १ सँ सुचारु हेतै कहलगेल नियमित तथा चार्टर उडानसँ विदेशीके सेहो नेपाल आब देब कहल बात साँच छै ?

सब विदेशीके नोल आब देब कहने नै छै । नेपाल स्थित विदेशी दुतावासके कर्मचारी, संयुक्त राष्ट्र संघ अन्तरगतके १८ वटा संस्थाके कर्मचारी आ १५ टा विकास साझेदार संस्थाके कर्मचारी आ ओकर परिवारके सदस्यके मात्रे तोकलगेल मापदण्ड पालना कलक नेपाल आब देब कहने छै ।

स्रोत: https://www.tourism.gov.np/files/



त्रिभुवन विश्वविद्यालय सब विद्यार्थी सभके सब अपन क्याम्पस आ अध्ययनरत विभागमे सम्पर्क कर कहने छै एकर मतलब कि भेलै?

अखनके महामारी तुरुन्ते नियन्त्रणमे लेब सकके स्थिती नै रहलाके कारण विश्वविद्यालय पठनपाठनके वैकल्पिक विधिसँ कक्षा सञ्चालन कर अपन सब शिक्षक, कर्मचारी तथा अध्ययनरत विद्यार्थीसभके ईमेल आई.डी. तयार करैत अनलाईन विधिसँ अध्ययन अध्यापन संचालन कलरहल छै । लेकिन, अखनोतक कतेको विद्यार्थीसभ अपने अध्ययनरत रहल विभाग तथा क्याम्पससभके सम्पर्कमे नै आयला सँ पठनपाठन तथा स्थगन कएलगेल परिक्षा व्यवस्थापन करमे समस्या भेलाके कारणसँ सम्पूर्ण विद्यार्थीके अपने अध्ययनरत रहल विभाग तथा क्याम्पसमे तुरन्त सम्पर्क कलक पठनपाठनमे सहभागी होब कहिक त्रिभुवन विश्वविद्यालय शिक्षाध्यक्षके कार्यालय सूचना जारी कोने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/7fsMKy7



फेर जगह जगहपर निषेधाज्ञा जारी भेलाके बाद किसानसभ मालसामान ढुवानी कर नै पेलक से शिकायत आबि रहल छै त ?

नेपालमे कोरोना भाईरसके संक्रमणके जोखिम दिन प्रतिदिन बढ्दै गेला सँ जगह जगहपर चरणवद्ध लकडाउन आ सिल करके काज भलरहल छै । अई सँ आपूर्ति प्रणालीमे अवरोध भरहल छै । एहिबातके मध्य नजर करैत, उद्योग वाणिज्य तथा आपूर्ति मन्त्रालय अन्तरराष्ट्रिय व्यापार आ दवाई, खाद्यवस्तु लगाएतके सामानसभके निर्वाध ढुवानी कराब आ किसानके उत्पादन बजारतक पहुचाबके लेल कोनो अवरोध नै होई तैबातके सुनिश्चित कराबके लेल सब स्थानीय प्रशासनके निर्देशन देने छै ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2040

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,१०,८३६ संक्रमित | ८२,२७१ संक्रमित | ५०,३९३ संक्रमित | १,१७,७४२ संक्रमित | ६८,०२० संक्रमित | ८४,८१८ संक्रमित | ९,२९१ संक्रमित | १८,७०६ |
| १८७५ नेपाली संक्रमित | १६५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २२,५०० नेपाली संक्रमित | २४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| ११ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १६ मृत्यु भएका नेपाली | ३० मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## विदेशसँ होबवला उडान सम्बन्धी महत्वपूर्ण जानकारी

- कुवेतसँ २८ आ ३१ तारिखमे नेपाल जायवलासभके पिसिआर कर नै परत लेकिन होटल क्वारेन्टाइन अनिवार्य कर परत ।



- सेप्टेम्वर २ तारीख सँ होबवला उडानके तालिका सार्वजनिक केने छै । ई तालिका संस्कृती, पर्यटन तथा नागरिक उड्डयन मन्त्रालय सार्वजनिक केने छै ।
- सेप्टेम्बर १ सँ करलागल चार्टर आ नियमित उडानके लेल एकटा निश्चित नियम बनाएल गेल छै जै अन्तरगत पिसिआर टेस्ट नेगेटिभ रिपोर्ट ७२ घण्टा भितरके होबहे परतै आ यदि एकेटा उडानमे पिसीआर आ आरडिटी टेस्ट भेलापर होटेल क्वारेन्टाईनमे आ सबके पिसीआर भेलापर १४ दिन होम क्वारेनटाईनमे रह परत ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँमे **UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च

रकम निकासा | खर्च भएको रकम




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## कोभिड - १९ विरुद्ध लड् नेपाल सरकारके अन्तरराष्ट्रिय संस्थाके सहयोगत

अनुदान | ऋण

| संस्था | उद्देश्य | प्रकार | रकम |
|---|---|---|---|
| विश्व बैंक | रोगके जोखिम व्यवस्थापनके लेल सरकारके क्षमता बृद्धि कर | ऋण | करिब रु. ६ अर्ब |
| एशियाली विकास बैंक | परीक्षण प्रयोगशाला, दवाई किन आ क्वारेन्टाईन सेव | ऋण | करिब रु. ३० अर्ब |
| विश्व बैंक | आपतकालिन स्वास्थ्य प्रतिकार्य आ स्वास्थ्य संरचना तैयार कर | ऋण | करिब रु. ३ अर्ब ४८ करोड |
| युरोपियन युनियन | कोभिड - १९ के सामना कर आ असर न्युनिकरण कर | अनुदान | करिब रु. १० अर्ब ६३ लाख |
| संयुक्त राज्य अमेरिका | स्वास्थ्य संरचना तैयार कर | अनुदान | करिब रु. २२ करोड ८ लाख |
| जर्मनी | स्वास्थ्य संरचना तैयार कर | अनुदान | करिब रु. १४ करोड १८ लाख |
| गैह्र सरकारी संथाले बजेट ट्रान्सफर गरेको | स्वास्थ्य सामान, खाद्यान्न, नगद राहत आ आरो सहयोग | अनुदान | करिब रु. ८२ करोड ४७ लाख |
| विश्व बैंक | कोभिड नियन्त्रणके बाद बाटघाट बनाबके लेल | ऋण | करिब रु. १२ अर्ब |
| विश्व बैंक | कोभिड नियन्त्रणके बाद उर्जा क्षेत्र विकासके लेल | ऋण | करिब रु. ५४ अर्ब |

ई महामारीके समयमे सरकार बहुतोरास अन्तरराष्ट्रिय गैरसरकारी संस्थासभसंगे आर्थिक सहयोगके लेल सम्झौता केने छै । अई मे सँ किछ सहयोग प्रत्यक्ष कोभिड - १९ सम्बन्धी खर्च करके लेल छै, त बाँकी सहयोग अप्रत्यक्ष रुपमे एकर प्रकोप निदान करके लेल छै । सम्झौता अनुसार, नेपाल सरकार स्वास्थ्य संरचना सुधार कर करिब रु. ५१ अर्ब २४ करोड पाओत । बुझ्वला बात कि छै कि, सरकार जम्मा २३% रकम मात्रे अनुदानके रुपमे पाओत । बाँकी ७७% रकम ऋणके रुपमे पाओत । तहिना कलक सरकार करिब रु. ५४ अर्ब रकम सडक सुधारके लेल आ करिब रु. १२ अर्ब रकम उर्जा क्षेत्र सुधारके लेल पाबिरहल अछि । इ दुनु सहयोग सरकार ऋणके रुपमे पाओत । नेपाल सरकारके लेल सब सँ बड्का दातृ संस्था विश्व बैंक छै । जे कि अकेले करिब ७५ अर्ब ४८ करोड ऋण सहयोग उपलब्ध करारहल छै ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

# विदेशमे फसल नेपालीके उद्धार के करत?



## बिना राना

उप-प्रमुख सैनामैना नगरपालिका, रुपन्देही

"सैनामैनामे ४६ कोईमे कोरोनाके संक्रमण पुष्टि भेल छै । ओई मे सँ ३६ कोई होम आइसोलेशनमे छै । २ कोई आइसोलेसनमे आ ४६ कोई क्वारेन्टाईनमे रहल छै । भितरे भितरे हमहु कोनो बेर संक्रमित होब सकै छी से डर लैगतो अपन जिम्मेवारीमे निरन्तर खटिरहल छी । अखन होम आईसोलेशनमे रहलसभके भेट आ आत्मबल बढाबके लेल घरदुवारमे जारहल छी । कोरोनाके संक्रमण बैढरहितो सर्वसाधारणमे डर आ सचेतना किया नै बढल से चिन्ता लागैत रहैय ।"

## उमा देवी थापा



स्वास्थ्य शाखा प्रमुख, सिद्धार्थनगर नगरपालिका, रुपन्देही

"नेपालमे पहिल कोरोना पोजेटिभ देखेलाके बादे सँ देशभैरमे महामारीके रुप लेत से लागल छल । सिद्धार्थनगर नगरपालिका भारत संगे सिमाना जोडाएल नगरपालिका भेला सँ तत्काल हेल्थ डेस्क राख परत कहिक जनप्रति( नधीसभके सुझाव देलियै । अखन नगरपालिका भितर ९६ संक्रमित मे सँ २२ कोई निक भगेल छै त ७४ कोई सकृय संक्रमित रहल छै । हम अपने सेहो स्वास्थ्य सुरक्षा अपनाक संक्रमितके परामर्श देब, कन्ट्याक ट्रेसिङमे जाईत रहैत छी । कहियोकाल अपने कारण सँ परिवारके सदस्य संक्रमित हेतै कि से बातके चिन्ता लागैत अछि । विभाग( ीय नेतृत्व केलाके कारण सावधानीसंगे कर्तव्य निर्वाह करपरके दायित्व छै ।"



## रामचन्द्र क्षेत्री

वडा अध्यक्ष, बुटवल उपमहानगरपालिका - ११, रुपन्देही

"अखनके समयमे जनप्रतिनिधि भेला सँ हमरासभके पहिल दायित्व कहबै त जनताके सुरक्षा केनाई छै । हम नेतृत्व केने वार्ड सबसँ बेसी वैदेशिक रोजगारीमे गेल आदमीसभके जगह छै । महामारी संगे ओसभ नेपाल फिर्ता आबके क्रम बढ्ल । सब एकेबेर एलासँ व्यवस्थापन करमे दिक्कत भेल । लेकिन, हमसभ शुरुके दिनसँ हुनकासभके तथ्यांक राखके काज केलौ । अईसँ हमरासभके बहुते सजिलो बनेलक । अईसँ हमरा सिखाई रहल जे, अपनासभलग सबतरहके तथ्यांक तैयारी अवस्थामे रहल त, कठिन परिस्थितीके सामना करमे सहज होईत छै ।"

accountabilitylab NEPAL

# कोभिड - १९ आ सामाजिक सद्भाव



## अवधारणा

सामाजिक सद्भाव कहलासँ एक दोसर प्रतिके विश्वास आ संगे काज करसकवला वातावरण छै । एकरा दु तरिका सँ देख सकैत छी । एकटा, सरकार आ जनता बीचके विश्वास आ दोसर, जनता-जनता बीचके सम्बन्ध । सरकार आ जनता बिचके सम्बन्धमे, जनताके सरकार हमर छै से महशुस होब परैत छै । ई, जनताके सरकार प्रति कतेक विश्वास छै तै बातपर निभएर रहैत छै । तहिना कलक बहुतोरास सांस्कृतिक, धार्मिक आ वर्गिय समुह बिचके सम्बन्ध सँ सेहो सामाजिक सद्भावके परिभाषित करैत छै ।

चलनचल्तीमे सामाजिक सद्भाव शब्द प्रयोग कयल जाईत छै । जै सँ जनता आपसमे मिलक रह परैत छै से अवधारणाके अंगिकार करैत छै । राज्यके जनता प्रतिके दायित्व आ राज्यके जवाफदेही बनाब जनताके भुमिका सेहो ओतबे महत्वपूर्ण होईत छै । तै सँ, अखन आईबक सामाजिक सद्भाव सँ सामाजिक सहभाव बेसी सान्दर्भिक हेतै से विषयमे बहस शुरु भल चुकल छै ।

## कोभिड - १९ सँ सामाजिक सद्भावमे परल असर

अखन हाथ मिलेनाई, अंकमाल केनाई आ आरो सामाजिक गतिविधी कम भेल छै । तहिना कलक। छलफल सभ नै भेल छै । जै के परिणाम स्वरुप सामाजिक दूरी बढ्ल छै । रोगके संक्रमण ई समुह अनलक तै हमरा संक्रमण भेल तै तरहके आरोप प्रत्यारोप लागि रहल छै । संक्रमण सबके होब सकैत छै से सोचाईमे कमी । सब तरहके हिंसा बढ्ल छै । कोभिड सँ बाहेको आरो रोगसभके कारण सँ आदमीके जान गेल छै । पिछडल समुदायके पर्याप्त सेवा नै भेटल छै । जे देशसभ सहयोग करैत छल, सेहेसभ प्रभावित छै । देश-देश बीचमे सेहो समन्वयके कमी देखाईत छै । एना देखला सँ, कोभिड-१९ सामाजिक सद्भावमे नकारात्मक परल प्रष्ट देखल जालसकैत छै ।

## कि कारण सँ सामाजिक सद्भाव बिगाईर रहल छै त ?

अखनके परिस्थितीमे सामाजिक सद्भाव बिगाड्के प्रमुख कारण गलत समाचार प्रवाह भेनाई छै । जैके कारण सँ सरकार या कोनो समुदाय एना केने हेतै कहिक अनुमान करके संस्कार विकास होईत जाई छै आ अन्ततः अविश्वासके वातावरण निर्माण भलक सामाजिक सद्भाव खलबलायके सम्भावना बेसी रहैत छै । तहिना कलक कहियो काल राजनीतिक कारण आ क्षणिक फाईदा लेबके होडके कारण सेहो सामाजिक सद्भाव बिगाईत छै । जेकि अखन कोभिड-१९ के समयमे सेहो देखाएल छै ।

## सामाजिक सद्भाव कायम कर कि कर परत ?

१. स्थापित विभेदपूर्ण नीति परिवर्तन करब
२. सरकार आ जनताके बीचके विश्वासके वातावरण बनाएब
३. तथ्य सहितके सूचना प्रवाह कर प्रविधिके प्रयोग करब
४. आम सञ्चार माध्यमके गुणस्तर आ क्षमता बढाएब
५. नागरिक शिक्षा आ सहभागिता बढाएब



प्रस्तुत सामग्री भाष्कर काफ्ले संगेके छलफलके आधारमे तैयार कएलगेल छै । काफ्ले संयुक्त राष्ट्र संघिय विकास कार्यक्रम अन्तरगत सामाजिक सद्भाव विषय देखवला कार्यक्रमके नेशनल प्रोजेक्ट म्यानेजर छैथ ।

सही सूचना

# अखनो २० सँ ४० वर्ष उमेर समुहमे अधिक संक्रमण देखेलाके कारण समुदायमे संक्रमण फैलके डर कायमे छै ।

## नेपालमे उमेर समुह अनुसार कोभिड - १९ संक्रमितके संख्या




उपरके ग्राफ सँ नेपालमे उमेर समुह अनुसार कोभिड-१९ संक्रमितके संख्याके देखाबैत छै । सबसँ बेसी संक्रमितसभ २१ सँ ३० वर्ष उमेर समुहके रहल अछि । तेकर बाद ३१ सँ ४० वर्ष उमेर समुहमे बेसी संक्रमण देखलगेल छै । तहिना कलक जोखिम उमेर समुह ० सँ १० वर्ष आ ६० वर्ष सँ उपरके समुहमे सेहो संक्रमणके दर बेसी देखाईत छै । बेसी संक्रमित देखाएल उमेर समुह वैदेशिक रोजगारीमे जायवला उमेर समुह सेहो छै । लेकिन, आरो उमेर समुहमे देखाएल संक्रमणसँ समुदाय स्तरमे संक्रमण बेसी मात्रामे फैलल बुझल जाऌसकैत अछि । तुलनात्मक रुपमे सब उमेर समुहमे जनानी मुदा कम मात्रामे संक्रमित भेल देखल जाऌ सकैत अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दऌक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs